

Lwa nan Massachusetts sou Salè ak Lè Travay

Salè minimòm lan se

\$11.00



Kontak pou Kesyon Jistis nan Travay

(617) 727-3465

Nimewo TTY pou moun ki pa tande byen: (617) 727-4765



www.mass.gov/ago/fairlabor

www.massworkrights.com



Biwo Komisè Gouvènman
Maura Healey

Salè Minimòm

M.G.L. Chapit 151, Seksyon 1, 2, 2A, ak 7

Salè minimòm lan se \$11.00.

Nan Massachusetts, tout moun k ap travay konsidere tankou anplwaye. Salè minimòm lan aplikab pou **tout** anplwaye, sòf:

- travayè agrikòl (salè minimòm se \$8.00 pou chak èdtan travay pou pifò nan travayè agrikòl yo),
- manm nan yon lòd relijiye,
- travayè k ap pran fòmasyon nan kèk ògànizasyon edikatif, ki p ap travay pou fè pwofi, oswa òganizasyon relijiye, ak
- ajan komèsyal ki travay deyò.

Lè Sipleman tè

M.G.L. Chapit 151, Seksyon 1A ak 1B

Anjenneral, anplwaye ki travay plis pase 40 èdtan pandan yon semenn dwe touche pou lè sipleman tè. Peman pou lè sipleman tè a omwen 1.5 fwa tarif sèvis regilye a pou chak èdtan yon anplwaye travay ki depase 40 èdtan nan yon semenn.

Pou kèk anplwaye ki touche sa yo rele “tarif pou sèvis” (service rate), peman pou lè siplmenatè a se 1.5 fwa salè minimòm lan, ki pa tarif pou sèvis la.

Eksepsyon: Dapre lwa nan Eta a, gen kèk kategori travay ak kèk kote moun travay ki gen eksepsyon sou lè sipleman tè. Pou wè yon lis ki gen tout eksepsyon pou lè sipleman tè yo, ale nan adrès *www.mass.gov/ago/fairlabor* oswa rele Sèvis pou Kondisyon Travay Ekitab nan biwo Komisè Gouvènman an nan nimewo (617) 727-3465.

Peman Salè

M.G.L. Chapit 149, Seksyon 148; 454 C.M.R. 27.02

Lalwa di kilè, kisa, ak kouman pou yo peye anplwaye yo. Peman yon anplwaye (oubyen salè) genyen ladan peman pou tout tan li travay, ansam ak poubwa, tan vakans peye, jou fèt yo dwe peye li, ak komisyon li gen dwa touche dapre kondisyon klè ki pase.

Anplwaye ki travay pou touche alè dwe resevwa peman yo chak semenn oswa chak 2 semenn (kenzèn). Dènye limit pou peye a, se 6 oubyen 7 jou apre peryòd pou peman an fini, dapre kantite jou anplwaye a te travay pandan yon semenn nan kalandriye a.

Si yon anplwaye bay demisyon l, yo dwe peye l tout lajan li nan jou nòmal pou peman ki vini apre a, oubyen anvan premye samdi ki vini apre dat li bay demisyon li a pase (si pa gen jou nòmal pou peman ki tabli). Si yon anplwaye revoke oswa lisansye, yo dwe peye l tout lajan li nan dènye jou li travay la.

Poubwa

M.G.L. Chapit 149, Seksyon 152A; M.G.L. Chapit 151, Seksyon 7

“Tarif pou sèvis” alè a aplikab pou travayè ki fè sèvis pou kliyan, epi ki touche plis pase \$20 chak mwa kòm poubwa.

Tarif pou sèvis alè a se **\$3.75** pou chak èdtan travay. Mwayèn poubwa yo pou yon èdtan, plis tarif sèvis pou chak èdtan yo peye travayè a, dwe bay yon total ki rive (omwen) \$11.00.

Ni manadjè, ni sipèvizè, ni pwopriyete biznis la pa janm dwe pran nan poubwa yon anplwaye.

Poubwa, ak peman pou sèvis ki ekri sou bòdwo kliyan an se sèlman pou moun k ap sèvi kliyan, oswa pou moun k ap sèvi nan ba, oswa pou lòt anplwaye nan sèvis, dapre sèvis chak nan anplwaye sa yo fè.

Yo ka òganize poubwa kolektif pou moun k ap sèvi kliyan, pou moun k ap sèvi nan ba, ak pou lòt anplwaye nan sèvis.

Enfòmasyon ki sou Fich Peman

M.G.L. Chapit 149, Seksyon 148

Tout anplwaye dwe resevwa yon rapò gratis, ki montre konbyen yo touche, ansanm ak non kote yo travay la, non anplwaye a, dat peman an (mwa, jou, ak lane), kantite èdtan yo travay pandan peryòd peman an kouvri, konbyen yo touche alè, ak tout dediksyon oswa ogmantasyon ki fèt pandan peryòd yo travay la.

Dediksyon sou Peman

M.G.L. Chapit 149, Seksyon 148; 454 C.M.R. 27.05

Patwon an pa dwe retire lajan sou yon anplwaye sòf si lalwa pèmèt sa (tankou taks sou salè pou Eta a ak pou gouvènman federal), oubyen si anplwaye a mande pou dediksyon an fèt nan pwòp enterè li (tankou mete lajan nan kont epay anplwaye a nan labank).

Yon patwon pa gen dwa retire lajan nan peman yon anplwaye pou kouvri depans òdinè pou biznis li (tankou: founiti, materyèl, oswa zouti ki nesèsè pou travay anplwaye a). Si yon patwon mande yon anplwaye achte oswa lwe inifòm travay li, patwon an dwe remèt anplwaye a lajan li depanse pou sa.

Lalwa mete limit tou, sou kilè ak konbyen lajan yon patwon kapab retire nan peman yon anplwaye pou lojman ak manje patwon an fè bay anplwaye a.

Èdtan Travay

454 C.M.R. 27.02

Èdtan travay, oswa “tan travay” li, genyen ladan tout tan anplwaye a dwe pase pou travay nan konpayi an oswa nan lòt kote, epi tan li travay anvan oubyen apre lè travay nòmal li, pou pèmèt li fin fè travay la.

Tan Repo pou Manje

M.G.L. Chapit 149, Seksyon 100, ak 101

Nan pifò ka yo, anplwaye ki travay plis pase 6 èdtan dwe genyen yon peryòd repo 30 minit pou manje. Pandan tan repo sa a, yon anplwaye pa dwe gen okenn travay yo ba li fè, epi li dwe gen dwa soti nan kote li travay la. Si patwon an mande, epi anplwaye a dakò, pou rete nan kote li travay la pandan tan repo pou manje a, anplwaye a dwe touche pou tan sa a.

Dosye pou Peman

M.G.L. Chapit 151, Seksyon 15

Dosye pou peman yo dwe genyen ladan yo non, adrès, ki travay/wòl anplwaye a, ansanm ak kantite lajan li touche pou chak peryòd travay, ak kantite lè li travay (chak jou ak chak semenn).

Patwon an dwe kenbe dosye pou peman yo pandan 3zan. Yon anplwaye gen dwa gade pwòp dosye peman li, nan yon tan ak yon kote rezonnab.

Afichaj nan Kote moun Travay: Lwa nan Eta a obligiye tout kote moun travay pou yo afiche anons sa a nan yon kote moun kapab li anons lan fasil.

M.G.L. Chapit 151, Seksyon 16; 454 C.M.R. 27.01(1)

Anplwaye ki Gen Mwens pase 18 an – Travay Timoun

Tout kote ki gen anplwaye nan Massachusetts dwe swiv lwa Eta a, ak lwa federal, sou anplwaye ki gen mwens pase 18 an (minè). Lwa sa yo di *kilè, ki kote, ak pandan konbyen tan* minè yo mèt travay. Yo di tou ki kalite travay ak ki kalite responsablite minè yo PA dwe pran.

Otorizasyon Travay ki Obligatwa - Pifò nan moun k ap travay san yo pako gen 18 an dwe genyen yon otorizasyon travay. Patwon yo dwe kenbe otorizasyon travay anplwaye minè yo nan yon dosye nan kote yo travay la. Pou resevwa yon otorizasyon travay, yon minè dwe fè aplikasyon devan direktè jeneral distrik eskolè kote li rete oswa kote li ale lekòl la. Pou plis enfòmasyon sou jan pou jwenn yon otorizasyon travay, kontakte Depatman sou Kondisyon Travay (Department of Labor Standards) la nan nimewo (617) 626-6975, oswa ale nan adrès *www.mass.gov/dols*.

Travay ki Gen Danje ak Travay Minè pa Dwe Fè

Laj	Travay li Pa Dwe Fè
16 ak 17	<div><ul style="list-style-type: none">Kondui pifò veyikil oubyen charyo elevatèTravay ki mande pou anplwaye a genyen oubyen sèvi avèk yon zamafeSèvi avèk, oswa netwaye, oswa ranje kèk nan machin ki mache avèk motè yo</div> <div><ul style="list-style-type: none">Travay avèk, oswa sèvi, oswa vann kèk nan bweson ki gen alkòl yoTravay nan yon distans avèk atè ki mezire yon wotè 30 pye oswa plis</div>
14 ak 15	<div><ul style="list-style-type: none">Kwit manje (sòf sou gri elektrik oswa gri gaz ki pa gen flann dife dekouvri), sèvi avèk friyolatè, wotisri, chodyè NIECO, oswa mamit ki travay sou presyonSèvi avèk, netwaye, oswa ranje zouti elektrik pou koupe manje, oswa moulen, dekoupè, pwosèsè, kouto, ak malaksè elektrik.</div> <div><ul style="list-style-type: none">Travay nan konjelatè oswa refrijeratè pou vyannFè okenn travay patisriTravay nan oubyen toupre izin, chantye konstriksyon, atelye mannfakti, kote ki gen zouti mekannik, garaj, tinèl, oswa lòt kote pou travay ki gen danje</div>
Mwens pase 14 an	<ul style="list-style-type: none">Minè ki gen mwens pase 14 an pa dwe travay nan pifò kote moun travay nan Massachusetts.

Sa yo se sèlman kèk egzanp sou travay lwa Eta a ak lwa federal yo defann fè. **Pou yon lis konplè** sou travay minè pa gen dwa fè, kontakte Sèvis pou Kondisyon Travay Ekitab nan biwo Komisè Gouvènman an (Attorney General’s Fair Labor Division): (617) 727-3465 • www.mass.gov/ago/youthemployment. Oswa kontakte Depatman Travay Etazini (U.S. Department of Labor): (617) 624-6700 • www.youth.dol.gov

Konje Maladi

M.G.L. Chapit 149, Seksyon 148C

Pifò anplwaye yo gen dwa touche pou 1 èdtan konje maladi chak fwa yo fin travay 30 èdtan, epi yo gen dwa touche pou jiska 40 èdtan konje maladi yo pran pou yon lane. Anplwaye yo gen dwa akimile tan konje maladi depi premye jou nan yon travay. Anplwaye yo dwe kapab verifye kantite konje maladi yo genyen, depi 90 jou pase apre dat yo kòmanse nan yon travay.

Yon anplwaye ki kalifye gen dwa sèvi avèk tan konje maladi li si limenm, oswa pitit li, oswa moun li marye a, oswa yon paran oubyen paran moun li marye a: malad, pran yon chòk, oubyen gen yon randevou medikal pou woutin. Anplwaye a gen dwa sèvi tou avèk tan konje maladi a pou limenm oubyen pou pitit li, si gen yon ka vyolans anndan lakay li.

Sòf nan ka ijans, anplwaye a dwe fè kote li travay la konnen sa anvan li pran tan pou konje maladi.

Si yon anplwaye pa vin travay pandan plis pase 3 jou youn apre lòt, li ka bezwen pote yon papye doktè nan travay li.

Konje Maladi Peye

Konpayi ki genyen 11 anplwaye oubyen pi plis obligiye peye anplwaye yo pou konje maladi. Konpayi ki genyen mwens pase 11 anplwaye yo dwe rekonnèt konje maladi, men yo pa obligiye peye pou sa. Pou plis enfòmasyon sou konje maladi, gade nan adrès:

www.mass.gov/ago/earnedsicktime.

Patwon yo Pa Dwe Fè Diskriminasyon

M.G.L. Chapit 149, Seksyon 105A; M.G.L. Chapit 151B, Seksyon 4

Avèk kèk eksepsyon ki limite, yon patwon pa dwe peye yon anplwaye mwens lajan, si li fè menm travay oubyen yon travay ki konparab avèk sa yon lòt anplwaye ki pa yon fi oubyen yon gason menm jan avèk li fè.

Yo pa dwe fè diskriminasyon nan chwazi anplwaye, nan salè ni nan lòt fòm konpansasyon, ni nan lòt kondisyon sou travay yon moun dapre:

- Ras oubyen koulè
- Enfòmasyon jenetik oswa andikap
- Relijyon, peyi yon anplwaye soti, oswa zansèt li
- Laj
- Si anplwaye a se gason oubyen fi (menm si li ansent)
- Si yon moun fè oubyen si li pa fè sèvis militè
- Oryantasyon seksyèl oswa jan moun lan idantifye oubyen prezante tèt li

Konje pou Ti Ka Nesesite

M.G.L. Chapit 149, Seksyon 52D

Gen kèk sikonstans ki ka fè yon anplwaye gen dwa pou li pran jiska 24 èdtan konje san peye chak 12 mwa pou rezon sa yo:

- aktivite nan lekòl pitit li,
- randevou kay doktè oswa kay dantis, oubyen
- randevou pou yon moun nan fanmi anplwaye a ki gen anpil laj, kay doktè oswa kay dantis, oubyen lòt randevou.

Yon anplwaye kalifye pou kalite konje sa a si konpayi an genyen omwen 50 anplwaye, epi anplwaye a:

- ap travay nan kote a depi omwen 12 mwa, epi
- li te travay omwen 1250 èdtan pou konpayi an pandan peryòd 12 mwa ki pase a.

Rapò sou Peman

454 C.M.R. 27.04

Pifò nan anplwaye yo dwe touche pou 3 èdtan, nan yon tarif ki pa mwens pase salè minimòm lan, si yo te prevwa pou anplwaye a travay pandan 3 ètan oubyen plis, epi anplwaye a prezante pou travay la alè, menm si yo pa kite l travay pandan tout tan ki te prevwa a.

Dwa Anplwaye Tanporè

M.G.L. Chapit 149, Seksyon 159C

Pou enfòmasyon sou dwa anplwaye tanporè ak sou anplwaye yo jwenn avèk asistans ajans pou chèche travay, rele: 617-626-6970 oswa ale nan adrès: *www.mass.gov/dols/*.

Dwa Anplwaye ki Travay kay Moun

M.G.L. Chapit 149, Seksyon 190

Pou plis enfòmasyon sou dwa anplwaye ki okipe kay moun, netwaye, okipe pitit moun, fè kwizin, administre kay moun, okipe moun ki gen anpil laj, oubyen ki fè kalite sèvis konsa lakay moun, gade nan adrès *www.mass.gov/ago/DW*.

Anplwaye nan Sèvis Piblik ak nan Travay Konstriksyon Piblik

M.G.L. Chapit 149, Seksyon 26-27H

Anplwaye k ap travay nan pwojè konstriksyon piblik ak nan kèk lòt travay piblik dwe touche salè ki anvigè a, ki se yon tarif minimòm Depatman sou Kondisyon Travay la (Department of Labor Standards) tabli dapre ki kategori travay anplwaye yo ap fè.

Konje nan Ka Vyolans nan yon Fanmi

M.G.L. Chapit 149, Seksyon 52E

Anplwaye ki viktim, oswa ki gen nan fanmi yo moun ki viktim vyolans anndan kay, atak seksyèl, moun k ap swiv yo, oswa kidnapi, gen dwa pran 15 jou konje pou bezwen ki anrapò avèk pwoblèm sa yo, tankou swen sante, konsèy, ak sèvis pou viktim, lojman san danje, swen ak okipe pitit yo, ansanm ak konsiltasyon avoka, mande lòd pwoteksyon, ak ale nan tribinal.

Konje a ka peye oubyen pa peye, dapre règleman nan kote moun lan ap travay la. Lwa sa a aplikab pou konpayi ki gen 50 anplwaye oubyen pi plis.

Anplwaye Gen Dwa Rele Patwon devan Lajistis

Ou gen dwa rele patwon w devan lajistis pou pifò nan enfraksyon li ka fèt kont lwa sou salè ak sou tan travay yo.

Yon anplwaye kapab pote plent devan lajistis poukont li, oswa avèk yon gwoup moun ki vle pote plent ki menm jan. Si anplwaye yo genyen pwosè a, y ap resevwa peman aryere, ansanm ak twa fwa domaj ak enterè, plis lajan yo depanse pou avoka, ak lajan yo peye pou pwosè a. ***Enpòtan!*** Gen dat limit fiks pou depeze yon plent pou yon pwosè. Nan pifò ka yo, dat limit la se 3 lane apre yon enfraksyon.

Patwon yo Pa Dwe Fè Vanjans

M.G.L. Chapit 149, Seksyon 148A; M.G.L. Chapit 151, Seksyon 19

Lalwa defann yon patwon pini oswa fè diskriminasyon kont yon anplwaye paske anplwaye a depeze yon plent, oswa paske anplwaye a eseye aplike dwa li genyen, ki esplike nan dokiman sa a.

Lwa ki esplike nan dokiman sa a aplikab pou anplwaye kèlkeswa kondisyon imigrasyon yo ye, epi sa vle di tou travayè ki san papye imigrasyon. Si yon patwon fè rapò oubyen menase fè rapò sou yon anplwaye ki pa gen papye imigrasyon bay otorite imigrasyon yo, paske anplwaye a pote yon plent kont yon vyolasyon dwa li, yo gen dwa rele patwon an devan lajistis ak/oswa enpoze sanksyon sivil kont li.

M.G.L. Chapit 149, Seksyon 56 –105

Restriksyon sou Lè ak Orè pou Minè

Laj	Yo pa Dwe Travay	Okenn tan ki:
16 ak 17	<div>Nan nwit, ant 10zè diswa ak 6zè dimaten(oswa apre 10:15 diswa, si anplwaye a sispann sèvi kliyan depi li 10 p.m.)</div> <div><i>Eksepsyon:</i> Nan aswè ki pa gen lekòl pou ale demen, li ka travay jiska 11:30 diswa oubyen jiska minwi, si l ap travay nan yon restoran oswa yon estadyòm kote yo fè kous cheval.</div>	<div><ul style="list-style-type: none">Plis pase 9 èdtan pa jouPlis pase 48 èdtan pa semennPlis pase 6 jou pa semenn</div>
14 ak 15	<div>Nan nwit, ant 7è diswa ak 7è dimaten. Eksepsyon: Pandan sezon ete (1ye jiyè jiska Fèt Travay [Labor Day]), li ka travay jiska 9è diswa.</div> <div>Pandan Lane Lekòl:*</div> <div><ul style="list-style-type: none">Pandan lè lekòl yoPlis pase 3 èdtan nan nenpòt ki jou lekòlPlis pase 18 èdtan pandan nenpòt semennPlis pase 8 èdtan nan nenpòt jou fen semenn oswa jou fèt</div>	<div>Lè lekòl pa louveri:</div> <div><ul style="list-style-type: none">Plis pase 8 èdtan nan nenpòt ki jouPlis pase 40 èdtan pa semennPlis pase 6 jou pa semenn</div>

**Eksepsyon:* Nan yon karyè lekòl li apwouve oswa nan yon travay ki pral ba li eksperyans, yon elèv kapab gen pèmisyon pou travay pandan lè lekòl, jiska 23 èdtan pou yon semenn.

Dwe Gen yon Moun Majè k ap Sipèvizè apre 8è diswa - Apre 8è diswa, tout minè yo dwe genyen yon moun majè k ap sipèvizè yo dirèkteman; moun sa a dwe nan menm kote minè a ap travay la, epi yo dwe kapab jwenn li fasil. *Eksepsyon:* **Sipèvizyon yon moun majè pa nesèsè pou minè k ap travay nan yon paviyon kote li vann journal, oswa deyè yon kontwa kote anpil moun ap pase, nan yon zòn ki louvri pou piblik la, si se anndan yon sant komèsyal ki gen sèvis sekirite depi 8è diswa jouktan sant lan fèmen.**



Kontakte Sèvis pou Kondisyon Travay Ekitab nan biwo Komisè Gouvènman an: (617) 727-3465 – www.mass.gov/ago/fairlabor